



Dans un communiqué rédigé en créole transmis à HPN, jeudi 11 février, le ministère de l'Éducation nationale rappelle avoir trouvé une entente avec la Direction générale des impôts (DGI) pour faciliter le paiement des écoles privées impliquées dans le PSUGO. Lire intégralement le communiqué ci-dessous.

Jan Ministè Edikasyon nasyonal ak Fòmasyon pwofesyonèl te anonse sa a nan yon kominike pou laprès, direktè lekòl ki deja siyen kontra pou ane 2015–2016 la ap gen pou yo peye nan DGI sèlman 25 mil goud pou yo kapab jwenn dokiman sa yo :

- Matrikil fiskal
- Deklarasyon definitiv enpo sou revni
- Patant (pou lekòl la),

Konsa, tout direktè lekòl ki konsènen yo dwe pote kontra yo siyen ak ministè a pou ane

Une entente MENFP et DGI pour faciliter le paiement des écoles privées du PSUGO

Écrit par AL/HPN

Jeudi, 11 Février 2016 19:00

2015-2016 la pou yo ka benefisye avantaj fiskal sa yo.

Okenn direktè pap kapab touche lajan yo dwe l si li pa gen Dokiman sila yo pou ane 2015-2016 la.

Mezi sa yo ki pran nan tèt kole ak DGI se pou fasilite lekòl prive ki nan PSUGO yo respekte egzijans otorite fiskal yo fè yo, e pèmèt Leta peye yo kòmsadwa.

Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl remèsye tout direktè lekòl ki nan PSUGO a pou kolaborasyon yo nan jefò k ap fèt pou pi byen jere Pwogram nan.